Èske Ou O kouran de Asirans Sante Pou Moun ki tap Travay nan Massachusetts ki ap Touche Asirans pou Moun ki Pèdi Travay yo a?

Do You Know About Health Insurance for Massachusetts Workers Who are Collecting Unemployment Insurance?

An Nou Prezante W Plan Sekirite Medical la

Si ou kalifye pou benefits asirans pou moun ki pèdi travay yo nan Massachusetts la, ou menm avèk fanmi w gen dwa kalifye pou asirans maladi tou daprè Plan Sekirite Medikal la (MSP).

Genyen de plan asisrans sante ki la pou moun ki abite nan Massachusetts, ki te travay pou on konpayi nan Massachusetts epi ki kalifye daprè on seri de lòt kondisyon.

➜ Plan Èd Premye Klas la

Si ou genyen on chans pou oubyen kontinye patisipe nan plan asirans sante nan konpayi kote ou te ap travay la, oubyen pou ou kontinye on plan asirans sante ke ou te achte deja, ou gen dwa touche on kantite lajan chak mwa pou ede w peye kòb w ap peye ckak mwa pou asirans la. Aktyèlman DUA remèt moun ki nan pwogram nan 75 pou san de sa y ap peye aisrans la chak mwa a, jiska $523 pa mwa pou on plan pou tout on fanmi ou byen $217 pa mwa pou on plan moun ki pran asirans pou tèt yo sèlman.

➜ Plan Asirans Dirèk

Si ou pa gen chans pou ou kontinye on plan asirans ke ou te ladann deja anvan ou te aplike pou benefis asirans pou moun ki pèdi travay yo a, ou gen dwa kalifye pou ou jwenn on pakè benefis asirans sante de baz ki ofri vizit kay doktè, swen nan lopital, epi tretman pou maladi mantal avèk moun kip pa ka rete san yo pa pran dwòg oubyen bwè kleren.

➜ Sa Plan Asirans Dirèk la ap Koute W

Kòmanse depi 31 Out 2003, moun ki ap patisipe nan plan asirans Dirèk la ap gen pou yo peye pou asirans la chak semèn. Pri a se $15 pa semèn pou moun ki pran asirans pou tout fanmi yo epi $15 pa semèn pou moun ki pran asirans pou tèt yo sèlman. N ap retire lajan pou peye asirans la sou chèk ou ap touche pou benefis asirans pou moun ki pèdi travay yo a. An plis de sa ou ap genyen pou ou peye on moso nan kòb doktè yo touche a pou kèk nan sèvis ke yo ba w yo.

Moun ki nan Di pou Yo Peye Asirans la

Si ou genyen chans pou ou kontinye avèk plan asirans ke ou genyen an, men ou pa genyen kòb ➜

Massachusetts Department of Workforce Development
Division of Unemployment Assistance

Commonwealth of Massachusetts
Mitt Romney, Governor
Kerry Healey, Lt. Governor
Jane C. Edmonds, Director, Department of Workforce Development
Edward T. Malmborg, Acting Director, Division of Unemployment Assistance
www.mass.gov/dua

pou ou peye sa nòmalman ou gen pou ou peye pou asirans la, ou gen dwa kalifye pou ou pa peye sa ou te sipoze peye a, konsa ou ka toujou jwenn asirans la daprè Plan Asirans Dirèk la. (Li ti feyè Depatman ki Ede Moun ki Pèdi Travay ki rele «Plan Sekirite Medikal la» pou plis enfòmasyon, ou byen ou ka visite wèb sait nou an nan www.detma.org/claimant/msp)

Kijan Ou ka Aplike

N ap voye enfòmasyon sou benefis yo avèk on aplikasyon pa la pòs otomatikman pou tout moun ki ap aplike pou asirans pou moun ki pèdi travay yo, ki abite nan Massachusetts, epi ki te travay pou on konpayi nan Massachusetts la. Pakè sila se Blue Cross/ Blue Shield menm ki ap voye l dirèkteman ba ou pa lapòs.

Ou fèt pou ou ranpli aplikasyon an epi voye l tounen ba Blue Cross/Blue Shield pi vit posib. Si ou pèdi tan pou ou aplike, sa ka lakoz ke asirans ou a pran reta pou ou ka kòmanse sèvi avè l.

Anvan ou remèt aplikasyon an, asire w ke ou bay tout enfòmasyon yo mande yo tankou:

- Kat dènye souch chèk ou te touche yo (avèk kat dènye souch chèk mari w ou byen madanm ou te touche yo, si ou marye);
- On kopi fòm DUA te sèvi pou nou te deside si ou kalifye pou benefis yo, si ou ap aplike pou yo pa fè w peye pou asirans la paske ou pa gen mwayen pou ou peye l.

Sa ap ede w pou pa pran reta nan aplikasyon w nan. Blue Cross/ Blue Shield ap ekri w sou di jou apre yo te fin jwenn aplikasyon w nan pou yo di w si ou kalifye.

Si ou te fè on demand pou asirans pou moun ki pèdi travay yo, epi ou pa jwenn on aplikasyon pou Plan Sekirite Medical la nan de semèn, kontakte sèvis pou kliyan yo nan biwo Plan Sekirite Medikal Blue Cross/ Blue Shield la nan 1-800-914-4455 (TTY/TTD 617-956-3801) pou ou ka mande pou yo voye on aplikasyon pou ou pa la pòs.

An Nou Fè On ti Kou Dèy sou Benefis yo.

Sa ki ekri pi ba a se sèvis ke Plan an peye pou yo:

- Lopital pou moun ki entène (ni moun ki al akouche), yo peye pou sèvis doktè yo bay tankou operasyon, ak anestezi;
- Malad ki pa entène lopital, moun ki pa genyen ijans, oubyen pou aksidan, oubyen pou moun ki malad sibitman;
- Sèvis nan biwo doktè yo, lakay malad yo, malad ki pa entène, pou tretman ijan ak tretman ki pa ijan, oubyen swen lopital pou malad ki entène;
- Sèvis laboratwa ak radyografi;
- Swen pou tibebe menm tankou egzamen woutin;
- Swen sikyatri pou moun ki pa ka rete san yo pa pran dwòg, oubyen bwè kleren;
- Preskripsyon pou medikamn;

Yo pa peye pou visit woutin nan biwo doktè yo, eksepte pou swen pou tibebe. Blue Cross/ Blue Shield kapab ba w plis enfòmasyon sou lajan malad yo genyen pou yo peye ak lajan pwogram nan peye pou yo.

Pou Repons Kesyon Ou ta Genyen yo

Pou plis enfòmasyon sou Plan Sekirite Medikal la, tanpri rele Biwo Sèvis pou Kliyan yo kòmanse Lendi jiska Vandredi ant 8:00 a.m. jiska 6:00 p.m. Ou ka rele gratis nan nimewo sila 1-800-914-4455; TTY/TDD: 617-956-3801.